# М.НЫЗАНОВТЫҢ САТИРАЛЫҚ ГҮРРИҢЛЕРИНЕ ТАЛҚЫ

**З.К.Ктайбекова** – *филология илимлери бойынша философия докторы*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** сатира, ҳикоя, сюжет, юмор, сарказм, ирония, маҳорат, диалог, персонаж, стиль.
**Ключевые слова:** сатира, рассказ, сюжет, юмор, сарказм, ирония, мастерство, диалог, персонаж, стиль.
**Key words:** satire, story, plot, humor, sarcasm, irony, skill, dialogue, character, style.

М.Нызанов – ҳәзирги дәўир қарақалпақ әдебиятында белгили прозаик, сатирик жазыўшы. Ол әдебият тарийхында өзиниң көп санлы сатиралық шығармалары менен халыққа кеңнен танылған тулғалар бири. Автордың гүрриңлеринде жәмийеттеги унамсыз жағдайдар, жағымсыз иллетлер, айырым терис минез инсанлардың характери, ис-ҳәрекетлер, турмыслық ўақыялар сатира арқалы сынға алынады. Жазыўшының шығармалары ҳаққында Ж.Есенов былай жазады: «Оның сатиралық реалистик прозасы, гүрриңлери менен повестьлери өзиниң ҳақыйқатшылығы, гәде жеңил юморы, жарасымлы ҳәзили, гәде оғада өткир, ништерли күлкиси – ирониясы менен оқыўшылардың дыққатын өзине тартты» [3:39].

Жазыўшы өз шығармаларында, әсиресе, гүрриңлеринде турмыстағы жәмийетлик - сиясий машқалалар, адамлар арасында қарым - қатнас мәселеси, қаҳарманлар арасындағы қарама-қарсылықлар, ипласлықлар өткир сынға алынып, инсанлардың минез-қулқындағы өзине тән өзгешеликлер, әдеп – икрамлылық пазыйлетлер, жеке адам психологиясындағы айырым унамсыз сыпатлар т.б. мәселелер өз сәўлелениўин тапқан. Сатиралық гүрриңлеринде жәмийеттеги турмыс машқалалары, парахорлық, жырып жеўшилер, таныс-билисшилик қылыў иллетлери, қәтере айтыў, жағымпазлық қылыў, тәкәббирлик, айырым басшылардың жеке мәпти ойлаўы ҳәм халықтың мүлкине бийпарўалық пенен қараўы сүўретленеди. Сондай-ақ, жеке инсан психологиясындағы унамсыз характерлердиң ашылыўы, адамлардың қолының суғанақлығы, айырым инсанлардың аңқаўлығы, садалығы ямаса менменлиги, мәдениятсызлығы тағы басқа минез-қулқы ирония, сарказм менен түйреледи. Жазыўшы гүрриңлеринде ҳәр қыйлы кәсиптеги, ҳәр түрли тараўда хызмет етип атырған адамлардың, атап айтқанда, билимлендириў тараўында, исбилерменлер, ҳуқық-суд саласындағы. медицина тағы басқа да бир қатар тараўлардағы айырым адамлардың ис-ҳәрекетлерин, сол тараўдағы жәмийетке жат болған, унамсыз иллетлерди сатира тили менен сүўретлеп береди. Бундай турмыслық ўақыяларды ықшам түрде, еске түсириўлер арқалы, қаҳарманлардың диалоглары ямаса персонажлардың минез - қулқы жәрдеминде көркем сәўлелендиреди. Сондай-ақ, персонажлардың психологиясында қызғаншақ, иши тар, еки жүзли, менмен, өзинше, жағымпаз, әдалатсыз, ҳүждансыз, инсапсыз, қопал, қорқақ, ериншек, бийпәрўа, қолы суқ т.б. адамлардың характерин конфликтлер жәрдеминде сатиралық образлар арқалы ашып береди. Қазақ әдебиятшысы Т.Қожекеев сатиралық шығармалар ҳаққында: «Сатиралық шығармада дәртти терең әшкаралаў, оның жөнсизлигин, оған шыдаўға болмайтуғынлығын дәлиллеў ушын, бәрине халықтың көзқарасын жеткериў мақсетинде сюжет, әдеттегиден өзгеше етип қурылады» [4:175], – деген пикирди билдиреди.

М.Нызановтың «Таңламалы шығармалары»ның (2023) екинши томындағы көпшилик гүрриңлериниң идеялық – тематикалық бағдарлары ҳәр қыйлы болып келгени менен ўақыяларды сәўлелендириўде, қаҳарман характерин жаратыўда сатира тийкарғы, орайлық орынға шыққан. Гүрриңлеринде жәмийеттеги ҳәр қыйлы тараўлардағы машқалалар ортаға тасланып, белгили жуўмақлар жасалған. Жазыўшы ҳәр бир гүрриңинде сөз еткен мәселе бойынша пикирлерди ҳәм шешимлерди шығарма қаҳарманларының өзлерине тапсырған. Бул арқалы жазыўшының шығарма дөретиўдеги үлкен тәжирийбеге ийе екенлиги сезиледи. Оның «Қан басымы» атлы гүрриңинде саўда-сатық тараўында, ислейтуғын үлкен бир кәрханада ислейтуғын ҳәмелдарлардың характери ашып берилген.

Шығарма ўақыялары персонаж тилинен баянланады. Ол кеселлик ҳаққында, әсиресе, «қан басымы» кеселлиги туўралы, бул кеселиктиң тек айлығының азы-көбине, минип жүрген машинаның маркасына, қалтасының қалың-жуқалығына қарайтуғынлығы ой елегинен өткериледи. Буннан соң ретроспекция усылы арқалы өткен ўақыяларды еске түсиреди. Яғный, бир үйде мийманда болыў эпизоды ашылады. Ўақыяларды сөз етиўши персонаж (жас шайыр) бул отырыспада жасы кишилик етип, хызметте болады. Отырыспада гилең лаўазымлы адамлар, РайПО ның баслығы, қаракөлшилик совхозының директоры, нан комбинатының директоры толы дәстурхан дөгерегине жыйналған. Олардан РайПО ның баслығы «ише алмайман, қан басымым бар» [1:3], – деп назырқығаны менен қуйылғанын қуйылғандай қаңтарып таслайды. Дәстурхан дөгерегиндеги үшеўиниң де «қан басымы бар» болып шығады. Сол ушын «қан басымын қайтаратуғын дәрилер, уколлар ҳаққында пикирлеседи. Бесинши аўқат тартылғанда, хызмет етип атырған жас шайыр жигит пенен танысады ҳәм оннан қосық оқып бериўди талап етеди. Сатиралық қосықты оқып бергенинде, үшеўи де ҳәз етип күлисип алады ҳәм қосығына неше манат ҳаққында алатуғынын сорастырады. - Норматив сондай, «отыз-қырық сом береди» [1:5] дегенге директор мысқыллы күлип, төс қалтасынан ручка, қойын қалтасынан блокнот шығарып, бир бетине еки аўыз сөз жазады.

– Азанда усыны алып фермаға бар, төрт қой берип жибереди, – дейди [1:5]. Буннан кейин РайПО баслығы да пайына бир қосық айтады «бир жапырақ қағаз жазып береди: «Мына жигитке еки қуты ставропольский сары майдан берип жибер!» Ал, нан комбинатының директоры «бир тоқсан жүз сомлық штатқа өткеретуғын, кеңсеге барып арза жазып таслап кетиўи кереклигин айтады.

Бийшара ҳүжданы таза, өзиниң ҳадал мийнети менен күн көретуғын жас шайыр түни менен кирпиги айқаспай ойланып, ой түбине жете алмай, бул берилген байлық, дүнья-малды, аңсат жумысты ойлап, зордан көз илиндиреди ҳәм азанда бунның да «қан басымы көтерилип, аўырып қалады.

Гүрриң мазмунынан көринип турғанындай, шығармада айтылған лаўазымлы адамлардың сақыйлық етип халықтың мүлкин талан-тараж етип, ысырапкершилик пенен, өз мәпи ушын аямай жумсаўы, олардың диалогларынан ҳәм де толы дәстурханын да көзге тасланады. Бул арқалы автор жәмийеттеги базыбир басшылардың ис- ҳәрекетлерин, халықтың мүлкине зыян келтирип атырғанын өткир сынға алады.

«Мениң Тиллабийкем» гүрриңи арқалы жәмийеттеги айырым шаңарақлардағы турмыслық ҳәдийселерди, хожалықта табысты көп тапқан ҳаяллардың дизгинди қолына алып бийлеўи, күйеўиниң болса, ҳаялының айтқан барымына барып, арсынбастан ҳәттеки, «ҳаялының пул тапқышлығын» мақтаныш пенен тилге алыўы, улыўма парасатсыз, ақыл-ойсыз жигитлерди өткир сарказм жәрдеминде сынға алған.

«Сизге болмайды» гүрриңинде жәмийеттеги көз боямашылықлар сынға алынған. Гүрриңде он бир жыл гезекте турып квартираға ордер алған Досмырзаның жаңа қоныслы болғанына Айтбай жорасы саўға алыў ушын радиаторлар дүканына, хрустал сататуғын дүканға, мебель дүканларына барыўы, дүканшылардың таныс болып шығыўы нәтийжесинде, я телевизор, я

хрусталь, яки мебель ала алмай, *«Бул телевизорлар сизге болмайды», «Бул шкафлар сизге болмайды»,* – деп, «Пулын төледим, асығып турман десе де, оларды бос қайтарыўы, ҳәттеки, жаңа квартира алып атырған достысы Досмырзаның қоңыраўы арқалы, оның «қайтадан көшып атырғаны, себеби, атқарыў комитетиндеги достысының айтыўынша, *«бул квартира сизге болмайды»* деп ордерди қайтарып тапсырыўы, өзи ретлестирип, екинши қабатлардан алып беретуғынлығы» [1:12] сүўретленген. Бул гүрриңде жәмийеттеги ашынарлы жағдай көзбоямашылық ҳәм кең ен жайған таныс-билисшиликтиң ҳәўиж алыўы образлы түрде сүўретлеген. Соның менен бирге, жаңа жай алыўға нәўбетке турғанлардың шегиниң он бир жылда келиўи, онда да бесинши қабаттан орын тийгенлиги, көп қабатлы жайлардың аўҳалы тағы басқа ҳәдийселер барлығы гүрриң қаҳарманларының диалоглары арқалы айқын суўретлеп бериледи. Ал, «Ишкерне» гүрриңинде кәрхана жумысшыларының турмысы, характерлери ашып берилген. Мысалы: «– Буған үйрете - үйрете шаршадым, – деди ол есиктен шығыўдан дәслепкиси, жигирма бир жылдан берли аўырдың үсти, жеңилдиң асты менен киятыр. Жазғансызғанларының бәри қәте. Ишин ақтарып жиберсең соқыр ҳәрип шықпайды. Саўатсыз. Соннан келип, ол деген арзагөй. Бир аўыз қатты сөйлеп көр, тоқсан тесикке таныс қылады. Жалғыз сөзиңнен илип алады, кийимге жуққан майлықтан жаман» [1:13].

Персонажлар диалогы арқалы гүрриң қаҳарманларының характери, бирин - бири көре алмаўшылық, психологиялық ҳалаты ашып көрсетилген.

« – Қалай, тағы бөлим баслығыңыз зор ма? – деди трубкадағы даўыс.

– Жақсы болса терек бир жерде өспей ме? Бизге не төрели бөлим баслық келеди. Мынаўың барып турған ишкирне. Я жақсы көрип турғанын билмейсең, я жаман көргенин... сол ишкирне мен едим» [1:14].

Жазыўшылар диалогларды булайынша қолланыў арқалы қаҳарманның ишки позициясын, өмирге болған көзқарасларын айқынластырады [2:79].

Гүрриңде бес, алты персонаж қатнасқан болса да, олардың барлығының характерлери диалог жәрдеминде ашып бериледи. Олардың өз-ара бирин-бири көре алмаўшылығы, тек бири-екиншисин изинен жаманлаўы, ҳәттеки, жаңадан келген бөлим баслықтың минезин билмесе де «ишкирне» деп мин тағыўынан көриўге болады. Автор бул персонажлар арқалы жәмийетимизде усы кәрханадағы иши тар адамлардың, унамсыз минез-қулықтағы инсанлардың бар екенлигин, олардың ис-ҳәрекетлерин, гәп-сөзлери арқалы сүўретлеп көрсетеди.

Гүрриң сюжетинде жәмийетлик кәрханаларда өзиниң жумысынан гөре, көбирек, өсек сөзге берилген айырым адамлардың ушырасатуғынлығын, сол ушын да, кәрханаларда басқарыўшылардың көпке бармай орын алмастыра беретуғынлығын турмыслық фактлер арқалы сәўлелендирген. Бул гүрриңниң мазмуны идеялық жақтан жазыўшының «Күйе» гүрриңине де уқсас. «Күйе» гүрриңинде де қайсы персонажды сөз етсе, соған «мин тағып, унамсыз тәрепин таўып көрсетеди. Гүрриңинде сюжет келтирилместен, тек қаҳарманлардың диалогы арқалы шығарма өз шешимин табады. Бул автордың басқа жазыўшылардан өзгеше, индивидуаль стилине ийе екенлигинен дерек береди.

«Сениң қолыңнан келеди» гүрриңинде бир мекемениң секретарының тәғдири сүўретленеди. Бул шығарма арқалы жәмийеттеги айырым мекемелерде жумыстың жақсы жолға қойылмағанлығын, истиң көзин билмейтуғын, ислей алмайтуғын кадрлардың бар екенлигин, барлық жумыс бир тил алғыш адамның мойнына жүкленип, ҳәмме жерде белсендилик пенен қатнасып жүрсе де, мийнети баҳаланбастан, қайта жумыстан шығып қалыў ҳалатларының жүз бериўи ҳаққындағы ўақыялар көркем сәўлеленген. Жазыўшының «Сениң қолыңнан келеди» гүрриңиниң темасының атамасының өзи ирония. Автор шығармада мекемениң барлық жумысын мойнына алған шаққан қолынан ис келетуғын хызметкердиң жумыстан босатылыўы арқалы, өмирде өзиниң тәғдири ушын гүреспейтуғын жасларды да сынға алған. Жазыўшы бул арқалы жәмийетлик турмыстағы искер инсанларды жумсап-жумсап, соңынан «айып тағып» жумыстан шығарып жибериў жағдайларының ушырасып туратуғынлығын айтпақшы. Ал, «Сотланатуғын Сақбай» гүрриңинде турмыслық машқалалардың унамлы шешим табыўы сәўлеленген. Жолда бузылып қалған машинасына түнде бир «ЗИЛ» келип урылғаны ушын алты айға айдаўшылық ҳуқықынан, үш айға еркинен айрылған шофёрдың тәғдири сүўретленген. Гүрриңде адамлардың бир-биреўге деген исенеминиң үлкен күш екенлиги ашып берилген. Адамлар арасындағы қарым-қатнас, әсиресе, адамның ийнедей айыбыңды, түйедей етип көрсетиўи, исенбеўшилик, инсанды қыйын жағдайларға жолықтырады. Шығарма қаҳарманы «судланған» деген сөзден бийзар болып жумыстан босағанына өкинеди. Қанша ўақыт усы айыбы себепли жумысқа араласа алмай атырса да, «ҳақ гәпти» айтыўы мәртлик. Жәмийетимизде бундай ҳақыйқатшыл, расгөй адамгершиликли инсанлардың бар екенлиги – қуўанышлы жағдай. Бул гүрриңдеги ўақыялар да диалоглар жәрдеминде ашылады.

Жуўмақлап айтқанда, жазыўшы М.Нызанов қарақалпақ әдебиятында гүрриң жанрының раўажланыўына әсиресе, сатираның оператив тәризде раўажланыўына белгили дәрежеде үлес қосқан. Шығармалары терең мазмунлы, көркемлиги бай, ҳәр қыйлы тематикаларды сөз етиўи менен басқа жазыўшылардың дөретпелеринен айрықшаланып турады. Автордың ҳәр бир шығармасы оқыўшы жаслар ушын үлкен тәрбиялық әҳмийетке ийе.

**Әдебиятлар**


1. Нызанов М. Таңламалы шығармалары. 2-том. –Нөкис: «Jeti ıqlım», 2023. 300-б.
2. Есенов Ж. Шеберликтиң сырлары. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1986. 100-б.
3. Есенов Ж. Танылған тулғалар. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 2001. 88-б.
4. Қожакеев Т. Сатира және дәуир. – Алматы: «Жазушы», 1976. 204-б.



**РЕЗЮМЕ.** Мақолада таниқли ёзувчи М.Низановнинг сатирик асарлари таҳлил қилинган. Тадқиқот объекти сифатида «Таңланган асарлари»нинг иккинчи жилдидаги ҳикоялари танлаб олинган..хикояларида жамиятдаги ҳаётий муаммолар, инсонлар орасидаги зиддиятлар, салбий иллатлар танқид қилинган. Шунингдек, персонажлар психологиясидаги манман, икки йўзли, одалатсиз, виждонсиз, инсофсиз, қўпол, қўрқоқ, дангаса, бепарво, қўли игри кимсаларнинг характери конфликт ёрдамида ёритиб берилган.

**РЕЗЮМЕ.** В статье анализируются сатирические произведения известного писателя М. Низанова. В качестве объекта исследования были выбраны рассказы из второго тома «Избранных сочинений». В рассказах подвергались критике проблемы жизни в обществе, конфликты между людьми, негативные пороки. Также конфликтностью выделен характер высокомерных, обоюдоострых, несправедливых, беспринципных, нечестных, грубых, трусливых, ленивых, беспечных, интриганов, в психологии персонажей.

**SUMMARY.** The satirical works of the famous writer M. Nizanov are analyzed in the article. The stories from the second volume of "Selected works" were selected as the object of research. Life problems in society, conflicts between people, and negative vices were criticized in the stories. Also, the character of arrogant, double-edged, unfair, unscrupulous, dishonest, rude, cowardly, lazy, careless, scheming people in the psychology of the characters is highlighted by conflict.